# МИЛЛИЙ ИДЕЯ ҲӘМ РУЎХЫЙЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ, ТАРИЙХ, ФИЛОСОФИЯ

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАРИЙХЫНДА МӘДЕНИЯТЛАР АРА БИРГЕ ИСЛЕСИЎ МӘСЕЛЕСИН ҮЙРЕНИЎ МАШҚАЛАЛАРЫ

***Нуржанов С.У.***
*Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институты*

**Таняч сўзлар:** тарих, жамият, тинчлик, қорақалпоғистон, муаммолар, маданиятлараро бирга ишлашиш, сиёсат, бошқариш, давлат,маданият, ижтисоий-иқтисодий жараён.
**Ключевые слова:** история, общество, мир, Каракалпакстан, проблемы, межкультурное сотрудничество, политика, управление, государство, культура, социально-экономический процесс.
**Key words:** history, society, world, Karakalpakstan, problems, intercultural cooperation, politics, management, state, culture, socio-economic process.

**Резюме:**
Ушбу мақолада Қорақалпоғистон тарихида маданиятлараро ҳамкорликда ишлаш масалаларини ўрганиш муаммолари ҳартомонлама батафсил таҳлил қилинган. Шунингдек, ўрганилаётган муаммога тарихий жиҳатдан тавсиф берилади.
**Резюме:**
В данной статье подробно анализируются проблемы изучения вопросов межкультурного сотрудничества в истории Каракалпакстана. Также дано историческое описание изучаемой проблемы.
**Summary:**
This article analyzes in detail the problems of studying intercultural cooperation in the history of Karakalpakstan. It also provides a historical description of the problem being studied.

Өзбекстан шараятында жәмийеттеги тынышлық ҳәм турақлылық, мәмлекетимиздиң абаданшылығы ҳәм избе-из раўажланыўы ҳәр бир шахстың талапшаңлығы ҳәм дүньяқарасы, өз үстинде ислей билиў ҳәм бәркамал келешек әўлад раўажының тийкарын салыў умтылысларына тиккелей байланыслы. Бул бағдардағы тарийхий изертлеўлерди әмелге асырыўдағы тийкарғы мақсет – бул процесстиң тарийхый, хожалық ҳәм мәдений негизлерин ашып бериў болып, биринши гезекте адам, оның тили, мәденияты, дүнья көзқарасы, ис-ҳәрекетлери, минез-ҳулық үлгилери, турмысының аксиологиялық негизлерин сиясий, экономикалық, социаллық ҳәм

мәдений факторларды есапқа алған жағдайда үйрениў оғада әҳмийетли есапланады.

Жәҳан тарийхнамасында усындай қурамалы илимий машқаланы жаңаша илимий жандасыў ҳәм усыллар тийкарында үйрениў мәдениятлар ара бирге ислесиў контекстинде әмелге асырыў дәўир талабы деп есаплаймыз. Мысал ретинде ХХ әсирдиң 20-30-шы жыллары Қарақалпақстандағы сиясий-экономикалық ҳәм мәдений өзгерислер дәўиринде коммуникациялық процеслерин алып, усы аймақтағы пуқаралардың, олардың топарлары ҳәм жәмийеттеги қатламлардың бирге ислесиў динамикасын тарихый көзқарастан түсиндириў имканияты пайда болмақта. Себеби, усы дәўирдеги жәмийет турмысындағы ўақыя ҳәм қубылыслар Қарақалпақстан жәмийетиниң кейинги дәўиринде болған мәдений-коммуникативлик көрсетпелер трансформациясының мазмунын белгилеп береди.

Негизинде «мәденият» түсиниги кең мәниде адамлардың актив дөретиўшилик искерлиги нәтийжесинде қәлиплескен ҳәм бәрҳама раўажланып отыратуғын материаллық ҳәм руўҳый қәдриятлар жыйындысы болып табылады. Оның раўажланыўы жәмийеттеги сиясий-идеологиялық ҳәм социал-экономикалық процесслердиң тәсири астында әмелге асырылады. Мәселен, ХХ әсирдиң басындағы дәстүрий қарақалпақ жәмийети руўлар ҳәм тайпалардың конгломераты болды, олардың өмири әсирлер бойы қәлиплескен үрп-әдетлер ҳәм жасаў тәрзине тийкарланған еди. Қәўимлик аўқам басында жәмийеттеги сиясий-экономикалық процеслер менен руханый-инсаныйлық принциплердиң ўлыўма бағыты менен тийимлилигин, жәмийет ағзалары арасындағы қарым-қатнасты анықлайтын бийлер менен диний хызметкерлер болды. Җәне де усы дәўирде Қарақалпақстан жәмийети өзине тән болған ғалабалық мәдений системасы бар белгили дәрежеде локаллық жәмийет болған еди. Бул жәмийет патшалық Россияның жаўлап алыўы менен дүнья жүзилик процесслердиң субъектине айланды. Бирақ бул процесс ХХ әсирдиң басындағы Қарақалпақстан жәмийетиниң материаллық-хожалық мәдениятын өзгерткен болса да, әсирлер бойы қәлиплесип, сақланып келген руҳый мәдeният пенен динге тәсири күшли болмады.

Россиядағы 1917-жылғы ўақыялар ҳәм одан кейинги жаңа сиясий-экономикалық формацияның орнатылыўы нәтийжесинде жәмийеттиң барлық тараўындағы дағдарысқа алып келип, жәмийетлик турмысқа ҳәм адамлардың күнделикли күнкөрисине қатты тәсир етти. Совет дәўири тарийхнамасына тийкарлансақ, Екинши жәҳан урысына шекемги дәўирдеги Қарақалпақстан жәмийети мәжбүрий еки топарға бөлинген: бир

тәрептен совет ҳәкимиятын қоллап-қуўатлап отырған жарлы дийқанлар ҳәм мийнеткешлер, екинши тәрептен – совет ҳәкимияты қарсы болған жат-жамайлар, яғный, жәмийеттеги бай қатламлар, атқаминерлер, диний уламалар. Бирақ жәмийеттеги бул бөлиниў Қарақалпақстан жәмийетинде социаллық дағдарысты пайда ететуғындай күшли болды ма? Не себеп большевиклер идеологиясы бойынша бир-бирине қарсы қатламлар колхозластырыў, репрессия жыллары, урыс ҳәм урыстан соңғы дәўирде де өз бирлигин, өз ара ғамхорлық пазыйлетлерин сақлап қалып отырған?

Большевиклер идеологиясы тийкарында жаңадан сиңдирилип атырған қәдриятлар тизими ҳәм қәлиплескен жәмийетлик пикир, жәмийеттиң сиясий элитасының жаңа әўладының тәрбияланыўында тийкарғы ресурс ретинде билимлендириў, ағартыўшылық, үгит-нәсият тизими болған. Бирақ советлик тарийхнамамызда адамлардың күнделикли турмысының материаллық базасының қәлиплесиўине түртки болған экономикалық ис-илажлар Қарақалпақстан жәмийетиниң мәдений базисиниң өзгериў процеси изертленген болсада, бизлер сол гездеги Қарақалпақстан жәмийетиниң жаңа ҳәкимиятты қалай қабыллағанын, жәмийеттиң көпшилигин қураған әпиўайы адамлардың ис-ҳәрекетлери менен пикирлерин көре алмаймыз. Усы көзқараста жәмийет турмысындағы әпиўайы адамлардың турмыс тәрзиниң, күнделикли күнкөрис дәрежесин үйрениў, биринши гезекте, инсаныйлық, адамгершилик, аўызбиршилик ҳәм өз ара ҳүрметке тийкарланған қатнаслар, миллетлер ара татыўлық, толерантлық орталықтың сақланыўының, қәдриятлар системасы трансформациясының тарийхый негизлерин үйрениў жүдә әҳмийетли.

Мәдениятлар ара коммуникация теориясы шеңберинде бул машқалаларды изертлеў жәмийеттеги сиясий-идеологиялық ҳәм социал-экономикалық процесслерди жаңаша талқылаўды талап етеди. Мәдениятлар ара коммуникация ҳәр түрли мәмлекетлер ҳәм мәдениятлардың мәмлекетлик институтлары, социаллық топарлары ҳәм шахслар арасындағы қатнаслар тийкарында қәлиплескен жаңа мәдений қадриятлар және байланысларды өзиниң объекти ретинде қарайды . Бирақ, Қарақалпақстан шараятында совет ҳәкимиятының 1920-1930-шы жыллардағы қәлиплесе баслаған жәмийетлик-сиясый қәдриятлар тизими ҳәм жәмийеттеги мәдений трансформациясы процесинде сиясий компоненттиң роли күшли болған, яғный тарийх илими көзқарасынан қарайтуғын болсақ, мәдений тәсир етиў артында мәмлекетлик сиясий институтлар, социаллық топарлар менен жеке шахслардың ис-ҳәрекетлери турғанын көремиз. Мысалы, 1920-жыллардың орталарында жергиликли халықтың өзин миллий идентификация-

лаўы, яғный қандай да бир миллет қурамына жататуғынлығы сезими күшейеди. Әзелден түркий халықлар болып, биригип жасап атырған халық арасында миллий алаўызлық шийеленисе түседи. Америкалық илимпаз Т.Мартинниң пикиринше, миллий шегараланыў бойынша 1924-жылғы ўақыялар миллий сана-сезимин, соның менен бирге этникалық қарама-қарсылық дәрежесин күшейтип жиберген . Мысал ретинде, 1924-жылдың октябрь айында ОГПУ ўәкили Юлечин Қарақалпақстан аймағында жасаўшы миллетлер арасында тартыслар көбейип, миллий антагонизм тарқала баслағанын айтады .

Бирақ бул жағдай большевиклер тәрепинен тез арада бастырылады ҳәм миллий шегараларды белгилеў Орайдың қәлеўинде қалады. Қарақалпақстан советлик тарийхнамасында 1925-жылы қарақалпақ мемлекетлигиниң совет автономиясы түринде қәлиплесиўи қарақалпақ халқының әсирлер бойы арзыўларын жүзеге асырыўға деген умтылысы менен түсиндириледи . Ғәрезсизлик дәўириниң тарийхнамасында бул жағдай бир гезлери бир тутас түркий халықларын айырыў бойынша патша Россиясы ҳәм большевиклер сиясатының нәтийжеси ретинде берилген . Кейинги ўақыт тарийхнамасында бул процести халықтың еркин жүзеге шығарыў ушын гүрескен тарийхый тулғалардың хызмети арқалы ашып бериў тенденциясы да байқалады.

Ал мәдений бирге ислесиў тийкарында бул ўақыяларды баҳалаўдың объективлигин басқаша түсиндириў мүмкин. Ис жүзинде 1924-жылғы миллий-мәмлекетлик шегараланыў Орайдың тиккелей басқарыўы менен әмелге асырылып, бул процесске жергиликли дәстүрий жәмийет элитасының, диний хызметкерлердиң ҳәм жаңадан қәлиплесип келеатырған жергиликли совет номенклатурасының айырым бир бөлеги қатнасқан . Орайдың шетки аймақтағы өз бийлигин беккемлеўге деген ҳәрекетлери бийликке умтылған аз санлы жергиликли адамлардың мәплери менен сәйкес келди. Мәселен, Қарақалпақстан тарийхында сол гезде округлик совет-партия уйымларына жергиликли саўатлы шахслардың тартылыў жағдайлары көп ушырасады. Жоғары басқарыў инстанциялары олардың социаллық статусы яки шығысына қарамаған, сол себептен бурынғы миллий элита ғалабалық көпшилик ушын жаңа ҳәкимиятта бағдарлаўшы ҳәм жазалаўшы күш болып қала берди. Бул хаққында 1927-жылғы қайта сайлаўлар нәтийжелери бойынша мағлыўматларда «Қарақалпақ автономиялы облысының Атқарыў комитети … жергиликли совет-партиялық аппаратында бай-атқаминер элементлери, улыўма басқа да антисоветлик

идеология тәрепдарларының аўыллық кеңеслерине ағза болғанлығын тастыйықлайды» делинген .

Совет ҳәкимияты сиясий-административлик жақтан өзин тиклеп алғаннан соң миллий перифирияларда жаңадан қәлиплесип келатырған «совет мәденияты» шеңберинде ҳәрекет ете баслады. 1925/1926 жыллары тәлим тизимин тиклеў ҳәм раўажландырыў мақсетинде жергиликли бийлик тәрепинен қоллап-қуўатланған араб графикасында китап ҳәм баспасөзди басып шығарыў иси 1927/1928 жылларға келип «Жаңа түрк алфавити» (НТА) тийкарында латынласқан алфавитке өтиў менен тоқтап қалады. Россиялық алым В.М. Алпатовтың пикиринше, бул жағдайда Орта Азия ушын сиясий-мәдений аспект шешиўши болған, себеби араб графикасы диний уламалар ҳәм саўатлы бай-атқаминерлер, ески мәдeният ҳәм қәдриятлар тизими менен байланыслы деп есапланып, совет ҳәкимиятының ески түзимди жоқ етиў сиясатына байланыслы болған .

Усы дәўирдеги совет ҳәкимиятының бизиң аймағымызда алып барған сиясаты мәдений бирге ислесиў контекстинде әўўелембар «мәдений экспансия» түсинигине туўра келеди. Мәдений экспансия дегенимиз қандай да бир мәдeният формасының өз шегараларынан шығып, басқа аймақларда күшлеп енгизилиўи ҳәм пайдаланыў ареалының кеңейиўи болып есапланады.

Совет ҳәкимиятының Қарақалпақстан жәмийетиндеги турақлылықты ҳәм дәстүрий хожалық қатнасларын бузыў ҳәм мәдений-руўхый орталыққа тәсир етиў арқалы өз мәплерин, идеологиялық ҳәм дүньяўый қадриятларын күшлеп сиңдириў ис-ҳәрекетлери еди. Бирақ Орайдың мәплери бир қатар жергиликли жәмийеттеги тәртип-қағыйдалар ҳәм қарым-қатнаслар тизимине қайшы келди. Тийкарғы себеплердиң бири – басқарыў органларына тайынланған жергиликли халық ўәкиллери өзлериниң ағайын-туўысқанлары менен байланысын үзбеди, дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлерди сақлап, күнделикли турмыста әпиўайы адамлардан ҳеш айырмашылығы болмады, өйткени бундай жағдай қоршаған орталық менен өз ара бирге ислесиўдиң белгили бир қәлиплескен формасы еди. Этникалық, миллий, гендерлик стереотиплер сақланып, еле де болса динниң, дәстүрий жәмийеттиң социаллық көрсетпелери ҳәрекет етип турған еди. Мысалы, 1927-жылы совет-партия уйымларын тексериў нәтийжелери бойынша Қоңырат округинде лаўазымдағы шахслар жергиликли бай ҳәм саўдагерлердиң салық ҳәм басқа да төлемлерин жеңиллестириўге урынған, бирақ жоғарыдағы совет-партия уйымлырының шешими менен оларға қатаң шара көрилген ҳәм бир қатар округлик лаўазымлы шахслар

партия қатарынан шығарылған. Усындай жағдай барлық округлерге тән болған .

Бирақ, көп ўақыт өтпей әпиўайы адамлар арасынан тайынланған шахслар номенклатура тизимин қурып, олардың сыртқы көриниси де, ишки туйғылары да өзгереди. Совет үкимети оларды совет мектеплеринде, басқа оқыў орынларында, «мәдений революция» процессинде белсенди түрде таярлап, олардың бағдарламасы большевиклик идеологиясының көзқарасларына тийкарланған және жәмийетте жаңа қәдриятларды қәлиплестириўге бағдарланған еди. Бирақ бул процесс бир тәрзде болмады, усы тараўда әпиўайы адамның идеялары менен көзқарасларын билдиретин көплеген ўақыялар ҳәм қубылыслар болды. Мысалы, көплеген ата-аналар балаларын, әсиресе қызларын, совет мектеплерине бергиси келмеди. Көпшилик динниң шеклениўине қарсы болды, олар экспроприацияланған жерлерди пайдаланғаны менен, колхозларға өз ерки менен киргиси келмеди. Олар жаңа фабрика-заводарда ислеп шығылған өнимлерди күнделикли турмыста қоллана баслағаны менен, жәмийеттеги өзгерислерден қорықты. Әпиўайы адамлар өзиниң жеке хожалығын жүргизиў менен бирге тутыныў кооперация хызметлерин пайдаланды. Ҳәттеки 1950-ши жыллары белгили дәрежеде раўажланған медициналық мекемелер системасы болғаны менен, жергиликли йишан, тәўип, порханларға емленип келген.

1930-шы жыллары дүньяқараслардың дәстүрий формалары менен минез-ҳулық мотивлериниң трансформациясына тийкар болатуғын күнделикли күнкөрис ҳәм жасаў негизлериниң социаллық шарт-шараятлары өзгереди. Мәжбүрий мийнет, орайластырылған хожалық жүргизиў формасы, күшли үгит-нәсият ҳәм «мәдений топылыс» Қарақалпақстан жәмийетинде өзреислерди пайда етти. Мысалы, мәжбүрий колхозластырыў сиясаты аўыл хожалығын дағдарысқа алып келди, жеке меншик ийелери қуўдалана баслады. Енди толық ҳәкимиятқа ийе болған совет-партия аппараты дәстүрий жәмийетке тән болған гейбир социаллық көрсетпелер советлик тизимди қурыў жолында кедерги болып атырғанлығын аңлап, олар менен гүресті күшейтти. Яғный, усы дәўирден баслап, мәдениятлар ара коммуникация процесси тоқтап, мәдений экспансия әмелге әмелге асырыла баслайды.

СССР-дың миллий шетки аймақларында бул процесс «мәдений революция» атамасы менен мапаз формасында әмелге асырылып, мәдений коммуникацияның тийкарғы элементи – ҳәммеге ортақ тил орталығын жаратыў процесси күшге енеди.

Агрессив үгит-нәсият жәнe совет-партия аппаратының көпшилик қамбағал қатламларға болған қатнасы мәдений турмыстағы өзгерислерге себеп болды. Ғалабалық саўатландырыў, мәдений хызмет көрсетиў орынлары хызмети, хаял-қызлардың тәлим ҳәм жәмийетлик тизим искерлигине тартылыўы, жаслардың қоллап-қуўатланыўы ҳәм социаллық-хожалық ислерине жәмлесиўи Қарақалпақстан жәмийетиндеги балансты өзгертти. Будан былай 1920-1930-шы жыллардағы совет ҳәкимиятының сиясатын салқынлық пенен қарсы алған жергиликли жәмийет, әсте-ақырын совет мектеплеринде оқыў ҳәм оқытыўға, ҳаял-қызлардың оқыўы ҳәм жәмийетлик-сиясий ислерге араласыўы, жаслар ушын имканиятлардан пайдаланыў усаған жағдайлар кем-кемнен ен жая баслайды. Мәдений экспансия нәтийжесинде миллетлер ара коммуникациялық байланыслар тизимин раўажландырыў имканиятлары жаратыла баслады. Бирақ бул процесс Орайдан периферияға қаратылған болып, жергиликли миллий жәмийет турмысының тийкарғы элементлери ҳәм ресурсларының өзгериўине себеп болды.

Жуўмақлап айтқанда, 1920-1930-шы жыллары Қарақалпақстан шараятында мәдениятлар ара бирге ислесиў процессиниң раўажланыўында сиясый-экономикалық негизлер шешиўши роль атқарып, мәмлекетлик қысымның күшейиўи дәўиринде мәдений экспансия дәрежесине өтип кетеди. Мәдениятлар ара бирге ислесиўде тийкарынан Орайдың өзинлик мәплери тийкарғы болып. шетки миллий аймақлардағы сиясаты тийкарында жаңа совет мәдениятын қәлиплестириў ушын пайдаланылған. ХХ әсир басында Орта Азиядағы миллетлер турмыс тәрзи, үрп-әдети, экономикалық раўажланыўы дәрежесине қарап, соныңдай-ақ, тили ҳәм мәнаўияты, тарийхый дәстүрлери ҳәм өтмиши менен, әсиресе миллий сана-сезими ҳәм дүньяқарасы жүдә жақын болып, өзге аймақтағы этникалық топарлардан ажыралып туратын еди. Совет ҳәкимияты орнағаннан кейин ҳәм усы аймақта миллий-мәмлекетлик шегараланыў процессиниң әмелге асырылыўы ҳәр бир миллеттиң мәнаўий-руўхый портрети сол жәмийеттиң матриаллық, социаллық, тарийхый шарт-шараятларға қарап өзгерип отырды. Мәдений экспансия нәтийжесинде миллеттиң руўхый-мәнаўий портрети большевиклер идеологиясы тәсири астында қәлиплескен жәмийетлик сана формаларында өз көринисин тапты. Бурыннан усы аймақта хукимранлық еткен аўызбиршилик ҳәм татыўлық, кеңпейиллик пенен дослық мүнәсийбетлер миллетлердиң ҳәм миллий мәдениятлардың бир-бирине тәсири арқасында усы аймақта жасап атырған халықлардың мәнаўий-руўхый өсиўи ушын жағдай жаратқан болса, бул процесс идеологиялық шеклеўлер шеңберин-

де әмелге асырылған. Миллий шегараларға бөлиниўи ҳәр бир миллеттиң мәдений жақтан ҳәлсиреўине алып келип, советлик мәдeният шеңберинде өсе баслады. Бир тәрептен, жергиликли жәмийет ағзаларының мәдений раўажланыўы ушын имканиятлар кеңейип, жаңа қадриятлар системасын ҳәм дүнья жүзилик илим-билим, санийт дөретпелери менен танысыў, ҳәр түрли мәдeният ўәкиллери менен сәўбетлесиўи өзинлик қунлылыққа ийе болса, екинши тәрептен, советлик мәдениий ҳәм хожалық, социаллық ҳәм руўҳый қадриятлар жергиликли халықлардың өзинлик мәдениятының дағдарысқа ушыраўына себепши болған.

**Әдебиятлар:**

1. Таратухина Ю.В., Цыганова Л.А., Ткаленко Д.Э. Межкультурная коммуникация в информационном обществе. – Москва, 2019. С. 9.

2. Мартин Т. Империя «положительной деятельности». Нация и национализмы в СССР. 1923-1939. – Москва, 2011. – СС.103-105.

3. Архив ЖК РК, ф.1, оп.1, д.109, л.13.

4. Очерки истории Каракалпакской АССР. – Ташкент, 1964; История Каракалпакской АССР. – Ташкент, 1974.

5. Ўзбекистон тарихи (1917-1991 йиллар). Биринчи китоб. – Ташкент, 2019.

6. См.: Джумашев А. Советская система государственного управления в Каракалпакстане (1924-1941 гг.): история формирования и трансформации. – Нукус, 2021.192 с.

7. ҚР ОМА, 12-фонд, 3-дизим, 303-ис, 41-б.

8. Алпатов В.М. 150 языков и политика. 1917-2000. Социолингвистические проблемы СССР и постсоветского пространства. – Москва, 2000. С. 63.

9. ҚР ОМА, 115-фонд, 1-дизим, 109-ис, 15-бет.